# ǴÁREZSIZLIK DÁWIRI ÁDEBIY SÍNDA QARAQALPAQ PROZASÍNÍŃ KÓRKEMLIK MÁSELELERI

**Kaniyazova J**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Filologiya pánleri doktorı*
**Asanova A**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistranti*

Elimiz ǵárezsizlikke eriskennen soń barlıq tarawlarda jańasha ózgerisler júz berdi. Bul kórkem óner tarawlarında, mádeniyat hám ádebiyatta da kózge taslandı. Ádebiyatta burın sóz etiwdi dáwir siyasatı kótermeytuǵın máseleler jóninde shıǵarmalar jazıla basladı hám baspa sóz máteriallarında jiyi járiyalanıp turdı. Olarda jańa dáwir nápesin súwretley alǵan shıǵarmalar menen qatar, kórkem shıǵarmanıń estetikalıq elementlerin ózinde kórsetip bere almaǵan dóretpeler de boldı. Mine, usı máseleler ádebiy sında ilimpaz-dóretiwshiler tárepinen sınǵa alındı.

Kritika kórkem shıǵarmanı búgingi zaman talabı tiykarında tallaydı hám bahalaydı, onıń ideyalıq, estetikalıq baylıǵın hám ózinsheligin ashadı, onıń oqıwshılarǵa bolǵan tásirsheńligin támiyinleydi hám bekkemleydi. Solay etip, turmıs haqıyqatlıǵın seziwge hám qabıl etiwge járdemlesedi. Bul arqalı ol jazıwshınıń jolın dawam etedi, oǵan óz usılı, óz quralı, ayqın baǵdarı menen búgingi kún talabınan shıǵıp baha beredi.[1:32]

Ádebiy kritikanıń ózine tán jáne bir ózgesheligi sonda, ol kórkem shıǵarmalardı tallap, bahalaw arqalı turmısqa aktiv aralasıw múmkinshiligine iye boladı. Jazıwshı tárepinen dóregen obrazlarǵa tiykarlanıp óz waqtınıń jámiyetlik kóz-qarasın, áhmiyetli máselelerin ortaǵa qoyadı, waqıt tárepinen alǵa qoyılǵan talaslı máselelerge aktiv qatnasıp, shıǵarmaǵa tiyisli baha bere aladı. Sonıń menen qatar ádebiy kritika bir neshe shıǵarmalardı, ondaǵı ideya, obrazlardı qatar salıstırıp ta, sonday-aq bir neshe jazıwshınıń hár túrli janrdaǵı shıǵarmalarında hár túrli tariyxıy dáwirdiń dóretpelerin salıstırıp ta baha beriwi sózsiz. Usı arqalı ol burın aytılmaǵan pikirdi óziniń juwmaǵı sıpatında ortaǵa salıwı múmkin.

Ádebiy kritika birinshi rette óz waqtınıń shıǵarmalarına dıqqat awdaradı, sonıń menen birge ótken dáwirlerdiń ádebiy dóretpelerinde búgingi kún problemasına baylanıslı qarastıradı.[2:4]

Ǵárezsizlik dáwiri ádebiy sında proza máselelerine arnalǵan maqalalar onshelli kóp emes. "Ámiwdárya" jurnalı, "Qaraqalpaqstan jasları", "Erkin Qaraqalpaqstan" gazetalarındaǵı prozaǵa baylanıslı ádebiy sınlıq materiallardıń jámi sanı 30 dan aspaydı. Óytkeni, jámiyettegi ózgerislerdi, jańa siyasiy dáwirdegi jańalanıwlardı sóz etiw ushın lirikanıń operativligi qolay boldı. Sonlıqtan, poeziyalıq shıǵarmalar júdá kóplep dóretildi hám ádebiy sında da poeziya máselelerin talqılaw, olardıń kórkemligi hám ideya-tematikasına, ulıwma jańa dáwirdi sóz etiwshi lirikanıń jetiskenlik hám kemshilikleri jiyi-jiyi baspa sózde járiyalanıp turdı.

Ádebiy sın – kúndelkili ádebiy ómirdi izertleytuǵın, onıń jetiskenlikleri menen kemshiliklerin saralap, bahalap atıratuǵın, ádebiy jóneliste bolıp atırǵan qubılıslardı kitap

oqıwshısınıń durıs túsiniwine járdem beretuǵın, ruwxıy áleminde xızmet atqaratuǵın ádebiy, ilimiy, publicistikalıq, hár tárepleme sıpatlı shıǵarmashılıq túri, jámiyetlik ilimiy sananıń bir salası, kórkem ádebiyat sıyaqlı dáwir kórinisi.

Biz proza máseleleriniń jetiskenlikleri menen birge ádebiy sında tolıq qamtıp alınbaǵan tárepleri haqqında sóz etpekshimiz. Bul máseleni izertlew ushın dáslep, ǵárezsizlik dáwirinde (1990-jıllar) baspa sózde járiyalanǵan prozalıq shıǵarmalardı úyrenip shıǵıw zárúrligi tuwıladı. Epikanıń eń kishi janrları gúrriń, ocherk, novellalardan baslap, povest, romanlarǵa shekem baspa sózde jiyi járiyalanıp turǵan.

Ǵárezsizlik jılları ádebiy sında baspa sózde járiyalanǵan prozalıq shıǵarmalardıń sanawlı maqalalar járiyalandı. Baspa sózdegi ulıwma proza máselelerindegi qáte-kemshiliklerdi sóz etiwshi hesh bir maqala dóretilmedi. Sın baǵdarında jazılǵan maqalalarda kóbirek kórkem shıǵarmanıń kórkemlik máselesine dıqqat qaratıldı. Bul dáwir baspasózdegi prozalıq shıǵarmalarda eki máseleniń sóz etiw ádebiy sınnıń jetiskenliklerinin biri bolar edi. Birinshiden, bul dáwirde kóp ǵana gúrrińler baspadan shıqtı. Biraq bir gúrriń bir gazetanıń hár jılǵı sanlarında tákirar baspanı jarıq kórgen. Bir avtordıń bir ǵana gúrrińiniń ózi eń kemi 3 máretebe baspadan shıǵarılǵan. Buǵan gazeta redaktorı nemquraylıǵı hám sol jıllardaǵı baspasózdegi maqala avtorlarına gonoror tólenetuǵınlıǵın tiykarǵı sebep etip kórsetiw múmkin.

Ekinshiden, baspasózde járiyalanǵan povestlerde júdá kóp úzilisler bolǵan. Ol turaqlı túrde ayma-ay gazeta-jurnal betlerinde járiyalanıp turmaǵan. Mısalı, “Múnasip” povestiniń dáslepki bólimleri “Erkin Qaraqalpaqstan” gazetasınıń hár jılǵı sanlarınıń túrli sanında járiyalanıp, sońınan onıń dawamı “Qaraqalpaqstan jasları” gazetası betlerinde baspanı jarıq kórgen. Sońınan, pútkilley juwmaqlanbay qalǵan. Bul tek bir povestte emes, ayırım roman hám basqa da povestlerde ushırasatuǵın jaǵday. Hár eki halat ta gazeta oqıwshısınıń prozaǵa degen qızıǵıwshılıǵın sóndiriwi sózsiz, degen oydamız. Tilekke qarsı, bunday máseleler ádebiy sınnıń názerinen shette qalǵan.

Ǵárezsizlik dáwiri ádebiy sınnıń jetiskenlik tárepleri de bar. Onda jańa romanlar T.Xalmuratov, J.Ábdireymov, Sh.Seyitov, T.Qayıpbergenov, A.Aliev, K.Ernazarovtıń usı dáwirde dóretilgen povest hám romanlarına jaqsı talqı maqalalar jazılǵan. Bul maqala avtorları professional sınshılar ǵana emes jazıwshı hám kórkem ádebiyat ıqlasbentleri ekenligi bul dáwirdegi prozaǵa degen talaptıń qanshelli ekenligin ayqın kórsetip beredi.

Ǵárezsizlik dáwirinde baspasóz materiallarında gúrriń janrındaǵı jetiskenlik hám kemshiliklerdi áshkaralap, oǵan ádebiy sınlıq baha bergen H.Ótemuratovanıń, A.Alievtiń, A.Sultanovtıń maqalaları jarıq kórilip, onda gúrrińlerge ádil baha berildi. Ásirese, H.Ótemuratova gúrrińdi kimler jazatuǵınlıǵın sóz etip, kishi epikalıq janrlardı jazıwdıń ańsat emes ekenligin eskertip ótken. [3: 36-39]

Ǵárezsizlik dáwiri ádebiy sınında povestlerdiń kórkemlik máselelerin sóz etiwshi bir qansha maqalalar dóretildi. Olardan J.Qayırbaevtıń “Suwdaǵı ay sáwlesi” povesti haqqında, T.Qurbanbaevanıń “Turmıs shınlıǵı hám obraz” maqalalarında J.Ábdireyimov penen T.Xalmuratov povestleriniń kórkemlik máseleleri sóz etilgen. [4:156-157]

Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq ádebiyatında jańa ideyalıq mazmun, jańasha súwretlewlerge, jańas kompoziciyalıq ózgeshelikke iye iri epikalıq shıǵarmalar bolǵan romanlar dóretile basladı. Olar ádebiy sınnıń názerinen shette qalǵan joq.

Aytılıp otırǵan dáwir ishinde jazıwshı Sh.Seytovtıń «Jaman shıǵanaqtaǵı Aq tuba», (1992), K.Mámbetovtıń «Hújdan» (1991), «Túrkistan» (1993) romanları jarıq kórdi hám bular tuwralı sınshı ádebiyatshılardan J.Esenovtıń, A.Pirnazarovlardıń recenziyaları basıldı. (Q.Sultanovtıń "Proza ma yáki basqa ma?" maqalasında Sh.Seytovtıń "Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba" romanına jazǵan sın maqalasına qarsı J.Esenov maqala jazadı). Bul recenziyalar arqalı aytılıp ótiwi tiyisli nárseniń bir sol atap aytqanda Sh.Seytovtıń «Jaman shıǵanaqtaǵı Aq tuba» romanı atalǵan avtordıń recenziyası shıqpastan aldın geypara ádebiyatshılar menen ustaz zıyalılardıń qatal sınına ushıraǵan edi (Q.Sultanov, A.Pazılov). [5:187]

Jáne bir óz súwretlengen roman tuwralı recenziyalıq maqala bul da J.Esenovtıń qálemine tiyisli bolıp, ol A. Ábdievtiń «Jın - jıpırlar uyası» degen romanı tuwralı «Shınlıqtı aytqan shıǵarma» dep ataladı. Recenziyada durıs kórsetilgenindey bul romanda da T.Qayıpbergenovtıń «Kózdiń qarashıǵı», Sh. Seytovtıń joqarıda atalǵan «Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba», K. Mámbetovtıń «Hújdan», K. Allambergenovtıń «Dárya tartılǵan jıllar» atlı zamanagóy temadaǵı ótkir konfliktlerge qurılǵan syujet hám ózgeshe kompoziciyalar arqalı Sh. Seytovtıń dóretpesindegidey hátteki insandı jilli bolıwǵa jasalma túrde de iytermelegen dáwir psixologiyası qaharmanlar obrazı arqalı tereń psixo-filosofiyalıq túrde ashıladı.

Ulıwma alǵanda, ǵárezsizlik dáwirinde qaraqalpaq prozasına arnalǵan sın maqalalarda kóbirek kórkemlik máseleleri sóz etildi. Bir qansha jazıwshılardıń jetiskenlikleri aytılǵanı menen, kóbirek kemshiliklerdiń bar ekenligi anıqlandı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Allambergenov K. Ǵárezsizlik dáwiri ádebiy sını. –Tashkent: Tafakkur avlodi, 2020.
2. Шамуратова З. Қарақалпақ әдебий сыны. –Нөкис: Билим, 1994.
3. Өтемуратова Ҳ. Гүрриңди кимлер жазады? //Еркин Қарақалпақстан, 1995. 11-12 сан.
4. Қайырбаев Ж. "Суўдағы ай сәўлеси" повести ҳаққында. //Еркин Қарақалпақстан, 1996. 130 сан.
5. Султанов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ прозасы ҳаққында ойлар. //Еркин Қарақалпақстан, 1996. 114-115 сан.